



Mary E. Skipper, Superintendent

8 Bonair Street · Somerville, MA 02145-3246
mskipper@k12.somerville.ma.us · www.somerville.k12.ma.us
T 617-629-5200, x6005 · F 617-629-5611

2 Mas, 2020

Chè Fanmi ak Anplwaye Lekòl Piblik Somerville yo,

Nou konnen ke fanmi yo ak anplwaye yo gen keksyon konsènan [Novel Coronavirus \(COVID-19\)](#) ak kijan li ka gen enpak sou kominote lokal nou an. Malgre ke “the Center for Disease Control and Prevention (CDC)” kontinye rapote risk imedyà yo pou piblik la anjeneral la risk la rete ba nan moman sa a, nou ankouraje fanmi yo pou yo vijilan patikilyèman pran kèk prekosyon jeneral pou yo rete ansante ke posib.

Nou pral pran plis prekosyon tankou fè netwaya siplemantè nan chak lekòl nou yo, ak planifye pou yon seri sityasyon menjan ak revize Plan Operasyon Ijans nou yo. Nou ap kontinye travay trè prè avèk Sèvis Sante Imens Somerville yo ak lòt city departments pou kontwòle sityasyon Coronavirus la. Tanpri vizite www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html pou novèl ak rekòmandasyon nan CDC. Anplis de sa, nou ankouraje w pou vizite City of Somerville’s Novel Coronavirus Prepasyon ak enfòmasyon website la pou ijans sante ak preparasyon rekòmansasyon yo: <https://www.somervillema.gov/coronavirus>.

Swiv chak jou aksyon yo kapab ede anpeche pou pwopaje maladi respiratwa:

- Evite kontak prè avèk lòt moun ki malad otan ke posib.
- Evite manyen zye ou, nen ou ak bouch ou.
- Evita pataje vè ak bwason yo, tas, istansil pou manje yo, asyèt, sèvyèt yo, ouswa lòt bagay. Lave bagay say o byen avèk savon ak dlè aprè ou finn itilize yo.
- Rete lakay ou lè ou malad.
- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pou omwem 20 segond, espesyalman aprè ou finn ale nan twalèt; avan ou manjé; ak aprè ou finn mouche nen ou, touse, ouswa estènye. Si savon ak dlo pa disponib, itilize yon dezinfektan ki baze sou alkòl avèk omwens 60% alkòl. Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon tisi lè wap touse oswa etènye. Jete tisi ou finn itilize a nsn fatra epi lave men ou imedyatman avèk savon ak dlo pou omwem 20 segond.
- Swiv rekòmandasyon CDC’yo pou itilize yon facemask.
 - Se moun ki gen sentòm yo ki pou itilize Facemasks COVID-19 pou ede yo pa pwopaje malady a bay lòt moun.
 - CDC pa rekòmande moun ki pa gen maladi a pou yo mete yon facemask pou pwoteje yo kont maladi respiratwa yo enkli ladann COVID-19.
- Pratike lòt bon ijyèn ansante: Lave epi dezinfekte souvan sifas lakay yo, travay oswa lekòl, espesyalman lè yon moun malad. Byen dòmi, rete aktif fizikalman, kontwòle stress ou, bwè anpil liquid, ak manje ki nitritif.

Li enpòtan pou kenbe timoun yo lakay ou pa voye yo lekòl lè yo malad. Si pitit ou a gen nenpòt nan sentòm sa yo tanpri kenbe li lakay ou pa voye li lekòl:

- Tanperati ki pliske 100.4
- Touse
- Vomisman oswa dyare
- Nenpòt gratèl ki poko dyanostike pa yon doktè
- Zye wouj ouswa wòz ap grate w, and/oswa dlo ap soti nan zye w
- Nenpòt malady kontajye tankou varisèl, doulè nan gòj, oswa grip.

Kontakte enfimyè lekòl la si ou si ke pitit ou a ka vini lekòl ouswa rete lakay li. Yon elèv ki gen lafyèv A dwe rete lakay li pou 24 èdtan aprè lafyèv la finn pase **san** itilize medikaman.

Nou paka mete aksan sou kijan li enpòtan pou lave men ou souvan epi atravè lave man li anpéché pwopaje sa a ak lòt maladi respiratwa. Nou pral ranfòse mesaj sa a avèk elèv yo ak anplwaye yo chak jou epi apresye asistans ou ak model api pataje pratik enpòtan sa a lakay ou tou. CDC ofri yon bon resous videyo sou teknik pou lave men kòrèk: <https://www.cdc.gov/handwashing/index.html>.

Li enpòtan tou pou rete ak konpasyon epi konnen enfòmasyon sou [facts about COVID-19](#). Te gen rapò sou ensidan diskriminasyon kont moun ki gen orijin Azyatik yo an repons COVID-19 novlè yo. Viris yo pa fè diskriminasyon. Kominote nou an fondé sou vale nou pou akeyi ak enklizyon, epi nou fò kòm yon kominote lè nou rete vrè nan vale sa yo.

Kòm sityasyon Novel Coronavirus (COVID-19) la ap kontinye evolyé, n'ap kenbe ou enfòm. Nou angaje trè fò nan sante ak byenèt elèv nou y oak anplwaye yo epi nou ap swiv tout direktiv ak rekòmandasyon yo pou asire ke lekòl nou yo rete yon kote ansante epi ansekirite pou tou moun.

Sensèman,

Mary Skipper, Superintendent